

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) mata pelajaran basa jeung sastra Sunda nyoko kana pangajaran basa jeung sastra. Pangajaran basa jeung sastra téh dina enas-enasna mah pikeun diajar komunikasi. Ku kituna, pangajaran basa jeung sastra Sunda diarahkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh komunikasi boh sacara lisan boh tulisan. Komunikasi dina wangun tulisan téh ébréh dina salah sahiji aspek kabasaan nya éta nulis.

Nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngalambangkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi (Tarigan, 1994: 21). Ari nurutkeun Alwasilah (2007:43) nulis téh mangrupa hiji kamampuh atawa kaparigelan hiji jalma dina ngébréhkeun gagasan kana hiji wacana sangkan bisa ditarima ku nu maca, boh sacara intelektual boh sacara sosial.

Nulis mangrupa salah sahiji kamampuh basa anu kudu dipibanda ku unggal jalma. Nulis dina harti komunikasi nya éta hiji pakakas pikeun ngébréhkeun pamikiran, gagasan, ide, pangaweruh, harepan jeung pesen. Masyarakat anu teu mampuh ngébréhkeun pikiranna dina wangun tulisan bakal katinggaleun jauh tina kamajuan lantaran kagiatan nulis bisa ngarojong kana kamekaran intelektual hiji jalma nepi ka mampuh mikir sacara kritis. Ieu hal diwewegan ku pamadegan Tarigan yén ciri kamajuan hiji bangsa bisa ditingali tina maju henteuna komunikasi tulisan éta bangsa.

Dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) di kelas VII, aya aspek kaparigelan nulis kalayan standar kompetensi (SK): mampu nulis pikeun ngébréhkeun pikiran, rasa, jeung kahayang dina wangun nulis pangalaman, biografi, sajak jeung bahasan. Salah sahiji kompetensi dasar (KD) nu aya dijerona nya éta nulis karangan eksposisi.

Dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (1984:445) ditétélakeun yén istilah karangan téh boga sababaraha harti, di antarana hasil ngarang, carita, tulisan

atawa *buah pena*. Karangan anu mangrupa tulisan bisa nu mangrupa fiksi atawa nonfiksi. Nu dimaksud karangan fiksi nya éta karangan anu sifatna rékaan atawa teu saenyana kajadian, sedengkeun karangan nonfiksi nya éta karangan anu eusina nyata tur bener-bener kajadian. Karangan éksposisi nya éta wacana anu eusina ngajéntrékeun tur medar hiji objék, prosésna, tujuanana, pikeun ngajembarkeun pangaweruh hiji jalma. Sakapeung sok disebut wacana prosedural lantaran ngagambarkeun cara ngalaksanakeun hiji pagawéan (Sudaryat, 2010: 52).

Dumasar hasil observasi di sababaraha sakola, sacara umum katitén yén kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi masih kawilang asor. Siswa ngarasa hésé pikeun ngébréhkeun gagasanna kana wangun tulisan, salah sahijina ngébréhkeun ide jeung gagasan kana wangun karangan éksposisi. Lolobana siswa teu bisa mekarkeun ide/gagasan téh lantaran kawatesanan *referensi*. Nalika dibéré pancén pikeun nulis karangan éksposisi, umumna siswa leuwih nurutan conto anu ditampilkeun tanpa ayana pamekaran ide. Salian ti éta, nalika pangajaran nulis karangan éksposisi, guru masih ngagunakeun stratégi pangajaran konvénisional. Guru ngan ngajéntrékeun wangenan atawa téori ngeunaan karangan éksposisi, méré conto karangan éksposisi, tuluy méré pancén ka siswa pikeun nulis karangan éksposisi. Ieu hal nu ngabalukarkeun siswa ngarasa bosen nalika diajar.

Tina hasil observasi siswa masih ngalaman bangbaluh dina ngébréhkeun ide jeung gagasan kana wangun karangan éksposisi. Kawatesananana ide sarta stratégi pangajaran nu kurang ngirut jadi faktor utama nu ngabalukarkeun kurangna kamampuh siswa dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Kaparigelan nulis karangan éksposisi di sakola masih kurang dipikaresep ku siswa. Saperti anu geus dipedar saméméhna yén pametaan konsep anu kurang ngeunaan nulis karangan éksposisi jadi salah sahiji indikator pasifna siswa dina nulis karangan éksposisi. Sedengkeun kagiatan pangajaran nu hadé lain kagiatan pangajaran anu muser ka guru tapi kagiatan pangajaran anu muser ka siswa. Ieu hal téh dina istilah Melvin L. Silberman disebut *active learning* atawa pembelajaran aktif. Satulunya Silberman ngébréhkeun yén sangkan prosés pembelajaran jadi aktif, siswa kudu ngagunakeun uteuk, ngulik gagasan, ngungkuluan pasualaan jeung ngalarapkeun matéri nu geus ditarima. Pembelajaran aktif mangrupa léngkah

éfektif tur pikaresepeun dina prosés pembelajaran, pikeun ngaronjatkeun motivasi siswa dina narima pangajaran (2009: xxi).

Niténan kana pamadegan Silberman, dina ngalarapkeun stratégi pembelajaran aktif kudu diluyukeun jeung tujuan pembelajaran nu baris dihontal, hususna dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Hasil anu dipiharep téh nya éta ayana pamekaran ide atawa gagasan dina wangun karangan éksposisi. Dina ieu panalungtikan, panalungtik kataji pikeun ngalakukeun panalungtikan kuasi éksperimen dina ngalarapkeun stratégi *writing in the here and now* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi.

Stratégi *writing in the here and now* nya éta hiji stratégi anu mampuh mantuan siswa dina ngébréhkeun pangalaman-pangalaman siswa dina wangun tulisan. Hiji tarékah pikeun ngaronjatkeun *aktualisasi* diri siswa ku cara siswa nulis laporan tindakan harita kénéh tina hiji pangalaman anu geus dialaman (saolah-olah éta pangalaman kajadian di dinya jeung harita) (Silberman, 2009:186). Ku ayana alternatif stratégi pangajaran ieu dipiharep mampuh ngaronjatkeun éfektivitas dina pangajaran basa Sunda, hususna dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Nyiptakeun kagiatan diajar nu teu monoton sarta mampuh numuwuhkeun minat jeung sumanget diajar siswa.

Saméméhna geus kungsi diayakeun panalungtikan ngeunaan dilarapkeunna strategi *writing in the here and now* nya éta panalungtikan anu dilakukeun ku Yulinar Pratiwi (2012) dina wangun skripsi kalayan judul “*Upaya Meningkatkan Keterampilan Menulis Paragraf Persuasif dengan Menggunakan Strategi Menulis Pengalaman Nyata dan Teraktual (Writing In The Here And Now)*” (*Penelitian Tindakan Kelas pada Siswa Kelas X SMA Negeri 23 Bandung Tahun Ajaran 2011/2012*). Hasilna nya éta rata-rata nilai siswa dina siklus I nya éta 61 sedengkeun dina siklus II rata-ratana nya éta 87,1. Lamun dipersentasekeun kamampuh siswa ngaronjat nepi ka 74,4%. Ku kituna bisa dicindekkeun yén ieu stratégi téh mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis paragraf persuasi.

Salian ti éta, panalungtikan ngeunaan nulis karangan éksposisi ogé kungsi ditalungtik ku sababaraha urang, salah sahijina panalungtikan anu dalakukeun ku Nurul Zakiyah (2011) panalungtikan dina wangun skripsi kalayan judul “*Modél*

**Ika Sartika, 2013**

Stratégi Writing In The Here And Now Pikeun Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

*“Ramat lancah” (Webbed) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Karangan Eksposisi (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2010/2011)”. Hasilna nya éta kamampuh siswa dina nulis karangan eksposisi ngaronjat.*

Strategi *writing in the here and now* nu dilakukeun ku Yulinar Pratiwi dilarapkeun kana pangajaran nulis paragrap persuasif, sedengkeun Nurul Zakiyah ngayakeun panalungtikan kana pangajaran nulis karangan eksposisi ngagunakeun modél *webbed*. Hartina tina sababaraha panalungtikan nu geus dilakukeun can aya anu nalungtik ngeunaan dilarapkeunna stratégi *writing in the here and now* dina pangajaran nulis karangan eksposisi.

Dumasar kasang tukang di luhur, panalungtik kairut pikeun nalungtik stratégi *writing in the here and now* dina pangajaran nulis karangan eksposisi. Ku diayakeuna ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan larapna stratégi *writing in the here and now* dina pangajaran nulis karangan eksposisi, sarta mampuh ngamotivasi siswa sangkan bisa leuwih sumanget tur daria dina mekarkeun ide jeung gagasanna dina wong tulisan. Ku kituna, disawang perlu dilakukeun panalungtikan anu dijudulan “Stratégi Writing In The Here And Now pikeun Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)”.

## 1.2 Identifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, aya sababaraha hal anu bisa diidentifikasi pikeun ditalungtik, di antarana:

- a. stratégi pangajaran nulis karangan eksposisi anu dipaké ku guru di sakola can bisa méré solusi pikeun ngungkulon bangbaluh anu dialaman ku siswa dina pangajaran nulis karangan eksposisi. Guru masih ngagunakeun métode konvénisional nalika pangajaran nulis tur leuwih loba méré téori batan praktéka, antukna siswa ngarasa bosen jeung kurang motivasi pikeun diajar;
- b. siswa masih ngarasa hésé dina pangajaran nulis karangan eksposisi utamana dina mekarkeun ide atawa gagasan.

### **1.3 Watesan Jeung Rumusan Masalah**

#### **1.3.1 Watesan Masalah**

Sangkan masalah dina ieu panalungtikan teu lega teuing ambananana, panalungtik ngawatesanan ieu panalungtikan kana stratégi *writting in the here and now* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung taun ajar 2012/2013 ditilik tina aspék kualitas jeung lingkup eusi, organisasi jeung tampilan eusi, gaya basa, wawancara gramatikal, éjaan sarta karapihan tulisan.

#### **1.3.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun dina wawancara kalimah tanya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung saméméh dilarapkeun stratégi *writting in the here and now*?
- b. Kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung sanggeus dilarapkeun stratégi *writting in the here and now*?
- c. Naha aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung antara saméméh jeung sanggeus dilarapkeun stratégi *writting in the here and now*?

### **1.4 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.4.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun larapna stratégi *writing in the here and now* dina Pangajaran Nulis karangan éksposisi Siswa Kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung Taun Ajar 2012/2013.

#### **1.4.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung saméméh dilarapkeun stratégi *writting in the here and now*;
- b. kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung sanggeus dilarapkeun stratégi *writting in the here and now*;

- c. bédha anu signifikan antara kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung antara saméméh jeung sanggeus dilarapkeun stratégi *writting in the here and now*.

## 1.5 Mangpaat Panalungtikan

### 1.5.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mekarkeun stratégi pangajaran basa Sunda dina opat aspék kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Khususna dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

### 1.5.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis di antarana:

- a. pikeun guru basa Sunda sangkan bisa maluruh ngeunaan alternatif stratégi pangajaran basa sunda, salah sahijina ngagunakeun stratégi *writing in the here and now* pikeun pangajaran nulis karangan éksposisi;
- b. pikeun siswa sangkan bisa ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nulis karangan éksposisi nu mangrupa hasil prosés diajar-ngajar ngagunakeun stratégi *writing in the here and now*;
- c. pikeun panalungtik nya éta bisa mikanyaho éfektivitas strategi *writing in the here and now* tur pangaruhna pikeun siswa dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

## 1.6 Raraga Tulisan

Ieu skripsi eusina aya lima bab, unggal bab masing-masing medar:

BAB I: Bubuka anu ngawengku kasang tukang masalah, Idéntifikasi masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II: Tatapanan tiori, anggapan dasar, sarta hipotésis panalungtikan. Tatapanan tiori ngawengku; wangenan stratégi, stratégi pembelajaran aktif, stratégi *writting in the here and now*, prinsip stratégi *writting in the here and now*, prosedur stratégi *writting in the here and now*, kaonjoyan jeung kahéngkéran stratégi *writting in the here and now*, wangenan nulis, fungsi nulis, tujuan nulis, mangpaat

Ika Sartika, 2013

Stratégi Writing In The Here And Now Pikeun Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-G SMP Negeri 35 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nulis, rupa-rupa tulisan, tulisan nu hadé, léngkah-léngkah nulis, wangenan karangan éksposisi, ciri-ciri karangan éksposisi, sarat nulis karangan éksposisi, téhnik nulis karangan éksposisi, métode nulis karangan éksposisi jeung stratégi *writing in the here and now* pikeun pangajaran nulis karangan éksposisi.

BAB III: Métodologi panalungtikan, nu ngawengku *setting* panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, sarta prosedur panalungtikan.

BAB IV: Déskripsi jeung analisis hasil pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun stratégi *writing in the here and now*, nu mangrupa data hasil panalungtikan sarta pedaranana.

BAB V: Kacindekan jeung rékoméndasi.

